

**СОВЕСТЬ – ЛУЧШАЯ НРАВОУЧИТЕЛЬНАЯ КНИГА ИЗ ВСЕХ, КОТОРЫМИ МЫ ОБЛАДАЕМ...**

***Джозеф КИПЛИНГ (1865-1936), английский писатель: «Когда детским губам довелось испить полной мерой горькую чашу Злобы, Подозрительности, Отчаяния, то всей на свете Любви не хватит, чтобы однажды изведанное стерлось бесследно, даже если она ненадолго вернет свет померкшим глазам и туда, где было Неверие, заронит зерна веры...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№34 (859) 2022 анзи 6 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ЦАУ



Цæгат Иристон немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни 80 анзей туххæй идарддæр мухур кæнæн æрмæгутæ. Нæ газети абониккон номери 6-7-аг фæрстæбæл кæсетæ Фидарати Æхсари имисуйнæгтæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æ райгурæн гъæу Будури Дæргъæвси ци цаутæ æрцудæй, уони фæдбæл .

# БЕСЛÆН... НÆ ÆНОСОН ЗÆРДДЗÆФ, НÆ ÆНОСТÆМÆ УОДАГЪАЙÆН...



Æстдæс анзей размæ 2004 анзи 1 сентябри, Беслæни æрцудæй уой размæ дуйней ка некæдма адтæй, истори ке нæма зудта, уæхæн æверхъау фудбæлах – зонундзийнæдти райдзаст Бон бæрæг кæнуни рæстæг террористти къуар æрбампурстонцæ аци сахари 1-аг скъоламæ æма амæнати райстонцæ скъоладзаути, сæ ахургæнгути, сæ нийиергути – æртæ бони æма дууæ æхсæвей дæргъи сæ æнæ донæй, æнæ хуæруйнагæй æма æнæ хуастæй фæгъгъезæмарæ кодтонцæ...

Беслæни теракти фæммард æй 334 адæймаги, уонæй 186 – сувæллæнттæ. Фудбæлахи бахауæг адæми ервæзун кæнгæй сæ цард иснивонд кодтонцæ æдасдзийнади Федералон служби спецнази дæс æфсæддони, æнæнгъæлæги уавæрти Министради æртæ косæги, 800 адæймагемæй фулдæр ба фæцæнцæ уæззау цæфтæ, беретæ си сæ царди кæронмæ байзадæнцæ сахъатæй.

Уæдæй фæстæмæ уотæ байзайдзæнæй, æма Иристони 1 сентябрь, ахури анзи райдайæн – бæрæгбон некæдбал исуодзæнæй. Сентябри фиццаг æртæ бони ба Иристони алкæддæр уодзæнæнцæ имисæн æма хъонцгæнæн бæнттæ. Уотæ ‘й аци анз дæр. Сентябри фиццаг æртæ боней дæргъи цудæнцæ сæрмагонд номерæн мадзæлттæ.

Фиццаг сентябри сæдæгай адæймæгутæ еци цæуæги цудæнцæ Беслæнмæ. Ами, 1-аг скъолай тургъи, æрæмбурд æй берæ адæм – республики разамунд, æхсæнадон æма политикон организацити минæвæрттæ, дини косгутæ, журналисттæ, ахурдзаутæ æма студенттæ, бархеуонтæ, нæ бæсти алли рауæнтæй Иристонмæ саударæн бæнтти сæрмагондæй ка æрбацудæй, еци иуазгутæ. Етæ еугурæйдæр скъолай спортивон залмæ цудæнцæ деденгути хæццæ, иссугътонцæ мудадзин цирæгътæ.

Æртиккаг сентябри хъонцгæнæг дзиллæ æрæмбурд æнцæ Изæдти сахари. Уоми метрономи зæрдæскъунæн алли æрцавди хæццæ дæр игъустæнцæ, еци фудæнхи ка фæммард æй, уони муггæгтæ æма æма нæмттæ. Уой фæсте ба скъоладзаутæ арвмæ исуагътонцæ, еци æверхъау фудбæлахи гъезæмарæй ка фæммард æй, уони бæрцæмæ гæсгæ уæлдæфмæ тумбулæгтæ – 334 уорс тумбулæги, æвудæй бастъалд уодти рохс нæмттæ уæлæрвти исæносон кæнуни æвдесæнæн. Номерæн мадзæлттæ сентябри фиццаг æртæ боней дæргъи ма арæзт æрцудæнцæ нæ бæсти æма дуйней берæ рауæнти...







# «НÆ ÆДЗАРД ТУГЪДОНТÆЙ ÆНОСТÆМÆ СÆРУСТУР УОДЗИНАН...»

Нуртæккæ Украини ци сæрмагонд тугъдон операци цæуй, уой рæстæги бæгъатæрæй ка фæммард æй æма Уæрæсей Президенти Указæй Лæгдзийнади ордентæ ци æфсæддонтæн аккаггонд æрцудæй, уони хуæрзеугутæ нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æрæги цитгин уавæри равардта сæ хеуæнттæн. Хъæбæр хъонцгæнгæй син ратæфирфæс кодта æма загъта:

– Нæ фæсевæд се ‘фсæддон ихæс кадгинæй кæронмæ исæнхæст кодтонцæ, сауæнгæ ма сæ цард дæр нæ бавгъау кодтонцæ. Гъулæггагæн, сабурдзийнадæ æма рæстагдзийнади сæрбæлтау нæ абони федун гъæуй, банимайæн кæмæн нæйиес, уоййасæбæл агъазиау аргъ – нæ сæрæн фæсевæди цардæй... Мах сæрустур уодзинан нæ æдзард бæгъатæртæй, сæ лæгдзийнадæ син нæ зæрдити дардзинан, сæ рохс нæмттæ син цитгинæй имисдзинан...

Уæрæсей Президенти Указæй, се ‘фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй, лæгдзийнадæ, æвзугъддзийнадæ æма уодуæлдайдзийнадæ равдесуни туххæй Лæгдзийнади ордентæй хуарзæнхæгонд цæунцæ (сæ рамæлæти фæсте):

– лейтенант **Абайти Олеги фурт Давид**;
– гвардий сержант **Джиоти Роберти фурт Ацæмæз**;
– сержант **Найфонти Батрази фурт Аслан**;
– сержант **Сергей Василийи фурт Роговой**;
– кæстæр сержант **Гаджити Владимири фурт Тамерлан**;
– кæстæр сержант **Бестаути Станислави фурт Ацæмæз**;
– кæстæр сержант **Базрати Сергейи фурт Марат**;
– рæнгъон **Лазарти Хазбийи фурт Таймураз**;
– рæнгъон **Александр Эдуарди фурт Попов**;
– рæнгъон **Кирилл Владимири фурт Халин**.

*Элиас КАНЕТТИ (1905-1994), австриаг финсæг: «Адæймаг æ фидтæлти зунди фарнæ кæд æма недзамантæй абони уæнгæ фембурд кодта, уæддæр имæ кæсай: цæйбæрцæбæл си нæ исарæхстæй испайда кæнунмæ æма цæйбæрцæбæл къумухæй байзадæй...»*

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...



**Сергей НАЗАРОВ, Уæрæсей экономикон райрæзти министри хуæдæййевæг:**

– Цæгат-Кавказаг федералон зилд райрæзти паддзахадон программи фæрци Цæгат Кавкази арæзт æрцудæй сабийти авд рæвдауæндони æма аст скъолай. Зæгъæн, аци анз Беслæни фæззиндтæй, 550 бунати кæми ес, уæхæн скъола, уæдта æригон натуралисттæ æма æригон техникти станцитæ. Нæуæг рæвдауæндæнттæ æма скъолатæ арæзт æрцудæнцæ æма ма цæунцæ нæ региони иннæ рауæнти дæр. Куд нисангонд æй, уотемæй 2024 анзи уæнгæ ма гъæуама арæзт æрцæуа цуппар скъолай, сабийти цуппар рæвдауæндони, уæдта уæлæнхасæн ахури еума объект.




Цæгат Иристони æфсæддон комиссариадæ куд игъосун кæнуй, уотемæй Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ æмæ æфсæддон службæмæ есуй граждæнти контрактон бардзурд бафинсуни бундорбæл.

Ист цæунцæ граждæнтæ 18 анземæй 60 анзей уæнгæ, æнæнез æма психотерапевтон диспансери номхигъди ка нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ адтæй, феддонтæ кæмæн нæййес, уæхæн адæймæгути.

Фист син цæудзæнæй 200000 мин соми æма урухдæргонд социалон пакет. Бацæуæн ес, ци рауæн цæретæ, уоми æфсæддон комиссарадмæ, кенæдта, æфсæддонти контракт бафинсуни бундорбæл кæми есунцæ, еци æвзарæн пунктмæ.

Бадзорæн ес телефонæй: **8 (8672) 25-68-92, 8 (8672) 76-83-75**.

Контракт куд бафинсæн ес, контрактон служби граждæнтæн ци домæнтæ хауй, уой туххæй базонæн ес сæрмагонд тугъдон операций архайæги бæрæгуати (справочник). Уоми ма базонæн ес, тугъдон архæйдтити ветерани æвдесæндар куд ес, циуавæр агъазтæ син ес сæрмагонд операций архайгутæн Уæрæсей Федераций Президенти Указ №98-мæ гæсгæ (еугур сæрмагонд операций æфсæддон службæгæнгутæ æма категоритæн). Лæмбунæгдæр ма базонæн ес мæмæ аци сайти «СО» **http://sevosetia**.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Аци анз нæ республики медицинон реабилитаций Центр райсдзæнæй 128 миллион сомей аргъ нæуæг ефтонггæрзтæ. Уой хæццæ ба ма сæйгæдони бæстихай гъавунцæ бундоронæй исцалцæг кæнун. Архайд цæуй Рахесфарси райони реабилитацион центр исаразунбæл дæр.

Уæрæсей регионтæн дехгонд æрцæуудзæнæй 6 миллиард сомемæй фулдæр гъæути сахари хузæн поселоктæ æма минкъий сахартæн тагъд агъази 1254 хуæдтолги. Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2024 анзи уæнгæ гъæуама нæуæггонд æрцæуа тагъд агъази хуæдтолгити парк. Уомæ гæсгæ ба тагъд агъази хуæдтолгитæ 2023 анзмæ гъæутæн алли анз дæр федералон бюджети фæрæзнити фæрци гъæуама æлхæд цæуа тагъд агъази 5 мин хуæдтолгемæй минкъийдæр нæ, уой хæццæ ба еугур техникæ æнæмæнгæ уа фидибæстон.

***

**Сентябри нæ республики райдайдзæнæй аллианзон прививкæ кæнуни фæткæ. Нуртæккæ еугур поликлиникитæбæл дæр исæмбалдæй гриппи нихмæ вакцинæ – куд хестæр кари адæмæн, уотæ кæстæртæн дæр. Вакцинацигонд гъæуама æрцæуонцæ цæргутæн сæ 60 процентемæй минкъийдæр нæ.**

***

Мостиздæх кæд Цæгат Иристони æригондæр гъæубæл нимад цæуй, уæддæр искаргун æй – аци анз ибæл исæнхæст æй сæдæ анзи. Еци ахсгиаг цауи фæдбæл æрæги гъæуи арæзт æрцудæй устур бæрæгбон.

***

**Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ Цæгат Кавкази кинохроники студи лæвæрд æрцæудзæнæй Цæгат Иристони есбонадæмæ. Уой фæрци хуарз фадуат фæззиндзæнæй нæ республики, уæдта æнæгъæнæ Цæгат Кавкази кæддæри кинематографи нæуæгæй исгъомусгин кæнунæн.**

***

Уæлдæр æма астæуккаг сæрмагонд ахургæнæндæнттæ æма кустуæтти ‘хсæн æмгустади фæткæмæ гæсгæ аци анзи райдайæнæй нурмæ компани «Севкавказэнерго»-йи кустадон практикæ рацудæнцæ 32 студенти, се ‘хсæн – Цæгат Кавкази хуæнхон-металлургон институти æма Елхотти берæкъабазгин колледжи энергетикон хайæдти ахурдзаутæ. Зæгъун гъæуй уой, æма фæстаг фондз анзей дæргъи нæ республики профессионалон ахургæнæндæнтти 330 студентемæй фулдæр практикæ рацудæнцæ «Севкавказэнерго»-йи. Практиканттæй 37 адæймаги ахургæнæндæнттæ каст фæууни фæсте аци компаний дæлхайæдти косун райдæдтонцæ.

***

Нæ республики идарддæр куст цæуй социалон инфраструктури ахсгиаг объектти арæзтадæ æма цалцæгбæл, федæни туристон кластери проекттæбæл, уæдта æндæр программитæбæл. Нерæнгæ бæлвурдгонд æрцудæй 2023-2026 æнзти фиццаградон æргом ци проекттæ æнхæст кæнунмæ ‘здæхт цæудзæнæй, е. Уотæ, еци номхигъдмæ бахастонцæ 45 аллихузон проекти (сæ еумæйаг аргъ æй 6,2 миллиард сомей бæрцæ).




## ДИНТИ МИНÆВÆРТТИ ‘ХСÆН ДЗУБАНДИ

***Æрæги Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй Æхсæнадæмон наукон-практикон конференци «Балканти сабурдзийнади бундор – динти ‘хсæн дзубанди».***

Форум исаразгутæ – Цæгат Кавкази пусулмæнтти координацион центр æма Пусулмон дини културæ, наукæ æма ахуради агъази фонд.

Æмбурд амудта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий муфтий **Гуæцæлти Хаджиморат**.

Кадгин иуазгутæ си адтæнцæ Цæгат Кавкази пусулмæнтти координацион центри сæрдар **Исмаил Бердиев**, Уæрæсей пусулмæнтти удварни центрон разамунди сæрдар **Талгат Таджуддин**, Саудон Аравийи **Къароладæй**, сахар Меккæй иссудæй **Мохаммед бин Абделькерим Аль-Исса** – Зæнхи цъарæбæл Пусулмæнтти лиги генералон секретарь, пусулмæнтти æхсæнæдти еугурдуйнеуон совети генералон секретари агъазгæнæг, шейх **Хасан Аль Марзуки**.

Наукон-практикон конференций архайгутæ адтæнцæ Дагестани, Цæцæни, Башкортостани, Кæсæг-Балхъари, Хъалмухъи, Адыгейи республикити минæвæрттæ, уой хæццæ Стъараполи, Краснодари крайтæй, Саратови облæсти, Санкт-Петербурги æма æндæр рауæнтæй иуазгутæ. Еугуремæн дæр зæрдиаг æгас нæмæ цотæ загъта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

– Абони сумах æрæмбурд айтæ, цæмæй æрдзорайтæ, динти æма конфессити ‘хсæн еудзийнадæ цæмæй федар уа, уобæл. Устур æйййивддзийнæдтæ цæуй дуйней, берæ ес лухкæнуйнаг фарстатæ, уой хæццæ, дæсгай æнзти арæзт ка не ‘рцудæй, уæхæнттæ дæр. Уонæмæ хауй Балканти нихмæлæуд дæр. Е махæн æй хъæбæр ахсгиаг фарста. Уæрæсей сабурцæрæг адæмти нихмæ раздæха еци нихмæлæуд, уомæн гæнæн нæййес. Нæ хъауритæ, нæ гъудитæ гъæуама еумæйаг уонцæ, еугæр Балканти змæнститæ ку рапарахат уонцæ, уæд си фæрресдзæнæнцæ Европи еугур адæмтæ дæр. Фулдæр хæттити еци змæнститæн бундор нæ фæууй, аразгæ фæуунцæ. Конференций куст æнтæстгин рауайæд, бæстæ сабур куд уа, адæм ба хæларæй цæрунмæ куд бæллонцæ, еци хуарздзийнадæ æрцæууæд, – загъта Сергей Меняйло.

Фæстæдæр æмбурди архайгутæн фадуат адтæй онлайн-бастдзийнади фæрци байгъосун пусулмæнтти æхсæнæдти еугурдуйнеуон совети сæрдар **Али Рашид Аль Нуаймимæ**.

Конференцимæ æрхудтонцæ дини фарстати фæдбæл экспертти, æхсæнадон организацити минæвæртти, хецауеуæггæнæг федералон æма регионалон разамонгути.

Бони фæтки фарстати ‘хсæн адтæнцæ косоваг сербтæ æма албайнæгти ‘хсæн нихмæлæуди анхосæгтæ. Сербий политикон разамунд æма Косовойи хуæдбарæ республики ‘хсæн тугъдон буцæутæмæ ку расайа, еци тæссагдзийнадæ.

Гъулæггагæн, аци нихмæлæудæй Хорнигулæни бæститæ æмзундæй пайда кæнунцæ, цæмæй аци тугъдон буцæуæй рауайа Уæрæсей Федераци æма дуйней пусулмон динбæл хуæст бæститæ кæрæдзебæл исардаунæн фæрæзнæ.

– Æности дæргъи Уæрæсей зæнхæбæл хæларæй цæрунцæ алли динбæл хуæст берæ адæмихæттитæ, уæхæн фæлтæрддзийнадæ алли бæсти нæййес. Уотæ рауайуй, æма политиктæ тугъд райхалунцæ, цæмæй ниссабур уонцæ, уой туххæй ба дини косгутæмæ фæдздзорунцæ. Радон хатт рæмбурд ан Иристони, уомæн æма Дзæуæгигъæу æй Цæгат Кавкази центр, – загъта Исмаил Бердиев.

Конференций архайгутæ сæ финстæг бацæттæ кодтонцæ, Казахстани сæйраг сахар Нур-Султани ка цæудзæнæй, еци дуйнеуон æма традицион динти раздзæугути VII съезди архайгутæмæ.

«Уæрæсе кæд сербæгти фарс æй, уæддæр албайнæгти æма пусулмæнтти нихмæ дæр некæд исдзурдта. Айдагъдæр историон рæстдзийнадæ æма исæвзургæ уавæр хæларæй банивæбæл кæнуни мадзал иссерунбæл дзоруй Уæрæсе», – загъд ес финстæги.

Æхсæнадæмон наукон-практикон конференций архайгути гъудимæ гæсгæ, Нигулæйнаг бæститæн уæхæн барæ нæййес, цæмæй зæнхи цъарæбæл алли рауæнти ци берæ адæмтæ цæруй, уæдта æности дæргъи Косово æ райгурæн бæстæ кæмæн æй, еци сабурцæрæг адæмæн сæ карнæ аразонцæ.

Аци æма æндæр хатдзæгтæ финст æрцудæнцæ конференций резолюций.

## БОНИГЪÆДÆ СЕНТЯБРИ

## КÆМИ – ТÆВДÆ, КÆМИ – САТÆГ...

Сутки дæргъи уæлдæфи рæстæмбес температурæ 15 градусемæй ниллæгдæр кæнун ку райдайуй, уæд æрдзигъæди æуууæлтæмæ гæсгæ фæззæг ралæууй. Нæ республики уæлдæфи температурæ 15 градусемæй дæлдæр цæун сентябри æртиккаг декади ке райдайуй, уомæ гæсгæ аци мæйи фулдæр хай банимайæн ес сæрди кæронбæл.

Ахид сентябри уæлдæфи рæстæмбес температурæ фæууй 16-19 градуси гъар. Ростови Гидрометцентри бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, аци анз Цæгат Кавкази федералон зилди фæзуатбæл уæлдæфи температурæ уодзæнæй нормæмæ хæстæг, кенæ ба – еуминкъий ниллæгдæр.

Æхсæви уæлдæфи температурæ æрцæуудзæнæй 8-15 градусемæ (мæйи кæрони ба – 4-6 градусемæ). Бонæй уæлдæф исгъар уодзæнæй 18-25 градусей уæнгæ, хецæн бæнтти нæмæ Цæгат Африкæй сор гъар уæлдæф ку æрбадума, уæдта уæлдæфи температурæ исхездзæнæй 28-32 градусемæ.

Берæ æнзти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, тæккæ уазалдæр сентябрь адтæй 1997 анзи (уæд уæлдæфи рæстæмбес температурæ адтæй 12 градуси гъар), тæккæ гъардæр сентябрь ба адтæй – 1994 анзи (19 градуси гъар).

Сентябри республики хуæнхрæбун районти рауаруй 70-75 мл, будури районти ба – 40 мл бæрцæ. Аци мæйæ рауардзæнæй нормæмæ хæстæг. Уодзæнæй карз уарунтæ, хецæн бæнтти ба арвигъæри хæццæ.

***Светланæ СУХОВА, синоптик.***



**Нефти æма гази промышленности косгути Бон бæрæггонд цæудзæнæй 4 сентябри.**



# АГИ ЦИ ФИЦУЙ, УОЙ АДÆМ ДÆР КУД ЗОНОНЦÆ...

Мæнæ сæргондæн ци загъд ниввардтан, е нæ рагфидтæлти зундамонæн фæдзæхститæй ‘й. Æма æ растдзийнадæ ба уæлдай бæлвурддæрæй разиннуй нури рæстæгути – паддзахади медæгæ ци аллихузон социалон агъази мадзæлттæ арæзт цæуй, уони адæм гъæуама сæ цардиуаги уавæртæ фæххуæздæр унæй лæдæронцæ. Гъе уой фæдбæл нæмæ Цæгат Иристони ци æма куд арæзт цæуй, уой фæдбæл бабæй дзубанди цудæй, æрæги нæ республики Хецауади æмбурди. Разамунд ин лæвардта Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**.

Республики аллибони царди ахсгиаг фарстатæй кæцитæбæл цудæй дзубанди, уонæй еу адтæй ахургæнгути мизд фæффулдæр кæнуни уагæвæрдмæ еуæй-еу æйййивддзийнæдтæ бахæссуни туххæй. Аци хъæппæресбæл æрдзубанди кæнгæй, æмбурди архайгути иуонгтæ ци сæрмагонд унаффæ исфедар кодтонцæ, уомæ гæсгæ еумæйагахурадон косæндæнтти педагогон специалисттæн лæвæрд цæудзæнæнцæ уæлæнхасæн феддонтæ, уроктæй уæлдай скъоладзаути хæццæ ци куст кæнунцæ, уой туххæй. Уотæ, 2022 аци еци нисанæн бюджетæй дехгонд æрцæудзæнæй 41 миллион сомей бæрцæ, 2023 анзи ба – 125 миллион сомемæй фулдæр. Уой хæццæ, скъоладзаути хæццæ фæсурокти кусти фæткæ æма хузтæ (федералон паддзахадон стандартти бундорбæл) æвæрдзæнæнцæ ахурадон косæндæнттæ сæхуæдтæ.

– Абони ци унаффæ исфедар кодтан, уой, æнæмæнгæ, ахуради косгути амидин кæндзæнæй скъоладзаути хæццæ фæсурокти мадзæлттæмæ фулдæр æргом раздахунмæ. Педагогон косгутæн уæхæн уæлæнхасæн мизд федуни хъæппæрес рацудæй республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæй**. Профилон ведомстви разамундæй корæг дæн, цæмæй федаргонд унаффи уагæвæрдтæ афойнадæбæл æнхæстгонд цæуонцæ, – баханхæ кодта Дзанайти Барис.

Хецауади иуонгтæ ма æрдзубанди кодтонцæ еума ахсгиаг социалон фарстабæл – седзæр æма æвæгæсæгæй байзайæг сувæллæнттæн раттунмæ нисангонд фатертæ муниципалон есбонадæмæ райсуни гъуддагмæ. Уой фæдбæл дзоргæй, Дзанай-фурт куд байамудта, уотемæй амунд категорий граждæнтæн фатертæ дæттуни гъуддаг Хецауади архайди нимад æй фиццаградон нисантæй еуебæл. Æ дзубандимæ гæсгæ, седзæр æма æвæгæсæгæй байзайæг сувæллæнттæн анзæй-анзмæ лæвæрд цæуй фулдæр фатертæ. Æма еци архайд идарддæр дæр æнæкъулумпийæй цæудзæнæй.

Уой фæсте æмбурди архайгутæ æрдзурдтонцæ цубуркъох бийнонтæн сæрмагонд паддзахадон программи фæрци социалон агъаз дæттуни уагæвæрдбæл. Куд зонæн, уотемæй уæхæн бийнонтæй хе минкъий хæдзарадæ байгон кæнуни, кенæ амалгъонади архайдмæ бавналуни фæндон кæмæ ес, уонæн профилон ведомствитæ бафинсунцæ социалон бадзурдтæ (уой бундорбæл бийнонтæ райсунцæ паддзахадон финансон субсидитæ).

Фарстай фæдбæл доклад искодта республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министри хуæдæййевæг **Мамати Анджелæ**. Е куд загъта, уотемæй рæстæг равдиста, социалон бадзурди фæдбæл программæ гъуддагбæл хуарзæрдæмæ ке ахедуй, уой. Еци æууæл лæдæргæй, федералон Хецауади æмвæзадæбæл унаффæ хаст æрцудæй, цæмæй фæффулдæр уа, социалон бадзурди бундорбæл бийнонтæн ци финансон агъаз радех кæнунцæ, уой бæрцæ. Уотæ, хе минкъий хæдзарадæ байгон кæнуни фæндæ кæмæ ес, еци бийнонтæн социалон бадзурди бундорбæл нурæй фæстæмæ лæвæрд цæудзæнæй 200 мин сомей уæнгæ, амалгъонадон архайдмæ бавналуни хъæппæрес ка равдеса, уонæн ба – 350 мин сомей уæнгæ.

Аци гъуддаги фæдбæл дзубандий кæронбæттæни Дзанай-фурт загъта:

– Цубуркъох бийнонтæн уæлæнхасæн паддзахадон агъази мадзæлтти ‘хсæн социалон бадзурд ахсгиаг бунат байахæста. Уотæ, евгъуд анзæй нуриуæнгæ 3 мин адæймагемæй фулдæр иссæнцæ программи архайгутæ. Æма еци нимæдзæ гъæуама никкидæр исирæза. Уой фæрци республики цæргутæн фулдæр фадуæттæ фæззиндзæнæй кустадæмæ бавналунæн, уæдта сæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн. Профилон ведомствити разамундæй корæн, цæмæй программи уагæвæрдтæ хъæртун кæнонцæ фулдæр адæммæ.

Аци æмбурди ма федаргонд æрцудæй сæрмагонд федералон программæ «Цæрæнуæттæ – уæрæсейаг бийнонтæн»-и фæлгæти 2022 анзи фатертæ исамал кæнунæн сæрмагонд субсидитæ кæмæн радех кæндзæнæнцæ, еци бийнонти номхигъд. Уотæ, программи архайгутæ иссæнцæ 17 адæймаги. Уонæн сæрмагонд субсидитæ раттуни нисанæн бюджет радех кæндзæнæй 2,8 миллион сомей бæрцæ.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Индийаг зæронд лæг æ фурти фуртæн дзурдта:*

*– Алли адæймагæн дæр æ медæгæ цæуй тох, раст си цума дууæ берæгъи хилæ кæнунцæ, уой хузæн. Еу берæгъ си фудæнхæй æмидзаг æй: соцъа, гурусхитæ, фæсмон, хеуарзондзийнадæ, фæливд миутæ æ бауæри исеу æнцæ... Иннæ берæгъ æй хуæрзгæнæг: уарзондзийнадæ, нифс, æмбалбæл æновуд уни менеугутæ хæссуй æ бауæри...*

*Минкъий бицциеумæ зæронди дзурдтæ багъардтонцæ, еуцæйбæрцæдæр гъудити ранигъулдæй, уæдта рафарста:*

*– Æма дууæ берæгъемæй ка фæхъхъаурæгиндæр уй?*

*Зæронд индийагæн æ цæсгонбæл фиццаг медбилтихудт фæззиндтæй, уæдта сабийæн дзуапп равардта:*

*– Алкæддæр фæууæлахез уй, хуæруйнаг фулдæр кæмæн дæттай, е.*

***

Еци индийаг зæронд лæги загъд цæйбæрцæбæл раст æй, уой баруагæсæн дæнцæнтæ уоййасæбæл берæ агорун дæр нæ гъæуй. Фагæ ‘нцæ уæртæ Украини разамунди миутæ дæр. Дуйней сабур цардарæзтбæл арт æндзаргутæ сæ исаргъуйун кодтонцæ, цидæр сайæнтæй син сæ сæртæ разелун кодтонцæ, ахъелунцæ сæ æма етæ дæр фудмиутæ аразунцæ хумæтæг æвуд адæмæн, дувудони арти амæттаг сæ кæнунцæ. Сæ миутæ син ци берæгътæ фæууинонцæ, етæ, æвæдзи, зæгъдзæнæнцæ: «Мах нæ, фал Украини тогмондаг разамонгутæ ‘нцæ тогцъух берæгътæ!..»



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Де ‘фсармæ цæбæл нæ арази кæнуй, еци гъуддагæй дæхе гъæуай кæнæ...»**

Æма æфсармæ кæмæ ес, е æхецæн некæд исаккаг кæндзæнæй æведауцæ гъуддаг. Уомæ гæсгæ зæгъун æнгъезуй: абони нæ цардиуаги æгæрæй-æгæрдæр берæ ке иссæнцæ аллихузон фудмиутæ, гириззагдзийнæдтæ, е уой фудæй æй, æма нæ нуриккон æхсæнадæ æхе исуæгъдæ кодта æнæмæнгæ гъæугæ менеуæгæй – æфсармæ æма уодигъæди бæрнæй. Æма нин унаффæгæнæг иссæнцæ уæхæн æдзæсгæнттæ, кæцити растдæр уодзæнæй уодхуартæ исхонун...



**Артур КОНАН ДОЙЛ (1859-1930), англисаг финсæг: «Къанæуттæ кæд æма еу сауæдонæй рантæсунцæ, уæддæр си еуетæ рæсог фæуунцæ, иннетæ ба – лæкъун...»**

Æма адæймагон цардиуаги дæр уотæ нæй? Еци-еу дзилли ка фæййаразуй, еци-еу ахургæнæндæнтти ка исахур кæнуй, еци адæймæгутæй еуетæ цæрунцæ рæсогæй, гъома, рæстуодæй сæ гъуддæгути рохсдзийнадæй еугуремæн дæр цийнæдзийнадæ хæссунцæ, иннетæ ба сæ цардвæндаг лæкъун миутæй арæзт, сæхецæн сæ, æвæдзи, уодæнцойнæ æнгъæл æнцæ, фал сæ рæбун дзиллæн ба фудимелæхæссæг ке ‘нцæ, е ба сæмæ нимади дæр нæй...



**Альфонс ДОДЕ (1840-1897), францаг финсæг: «Дæ уоди медæгæ гъенцъун ку кæнай, уæд кедæр амондмæ кæсун зæрдрист æй...»**

Уæлдай зин ба е уомæй æй, æма еци кадæр кæмæйдæрти бæлвурддæрæй ба, абони æ фудцардæй ка гъенцъун кæнуй, еци рæстзæрдæ адæми еумæйаг бæркадæй æдзæсгонæй ке фæддавта, уой фæрци ке исаразта, уой зонгæй.

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## «НÆ КÆСТÆРТИ ИСАХУР КÆНУНÆН НЕ ‘ВГЪАУ КÆНÆН...»

*Уæлдæр æма астæуккаг сæрмагонд ахургæнæндæнтти райдæдта ахури нæуæг анз. Еци хабар кæд ахурдзаутæн дæр æма сæ ниййергутæн дæр æхцæуæн æй, уæддæр си кæмæндæрти ба сагъæссаг дæр æй – уæлдайдæр ба, бюджетон бунæтти ахур кæнуни равгæ кæмæн нæ фæцæй, уонæн, æма сæ ахури туххæй федун гъæуй æхца. Уомæ гæсгæ дзиллон цæстингас æртасгутæ, уæ кæстæртæ цæмæй уæлдæр ахургæнæндони ахур кæнонцæ, уой туххæй цæйбæрцæ æхца бафедунбæл арази айтæ, зæгъгæ, уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уони дзуæппитæ еумæйаг нимадæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (процентæй).*

**Ниййергути 60% арази ‘нцæ, сæ сувæллæнттæ цæмæй уæлдæр ахургонддзийнадæ райсонцæ, уой туххæй федунбæл.**




Хуæрзауодундзийнади Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 5 сентябри. Арфæ кæнæн, еци бон арфиаг гъуддæгутæ ка исараза, уонæн.

***Галинæ КАРЕЛОВА, Федераций Советти Сæрдари хуæдæййевæг: «Хъæбæр устур æй берæсувæллонгин мадтæлти байвæрд Уæрæсей демографион уавæр фæххуæздæр кæнуни гъуддагмæ. Уомæ гæсгæ ба федералон æма регионалон æмвæзадæбæл нæ еумæйаг ихæс æй еци нииййергутæн сæ цардиуагон уавæртæ фæххуæздæр кæнун».***

# МАДИ УАРЗТ ТАУРÆХЪÆН БАЙЗАДÆЙ!..

ЗУНДГОНД куд æй, уотемæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** сæрмагонд Указмæ гæсгæ нисангонд æрцудæй цитгин ном «Мадæ-Бæгъатæр». Аккаггонд цæудзæнæй, Уæрæсей цæрæг силгоймæгтæй дæс æма фулдæр сувæллони кæмæн исæнтæстæй æма сæ ка исгъомбæл кодта, уонæн. Сæрмагонд ордени хæццæ ма син лæвæрд цæудзæнæй æхца дæр – еу миллион соми.

Уæрæсей силгоймæгтæй «Мадæ-Бæгъатæр»-и ном лæвæрд кæмæн æрцæуа, уонæн алкæмæн дæр миллион соми бафедуни фæтки уагæвæрд æрæги бафинста Уæрæсей Хецауади сæрдар **Михаил Мишустин**.

Еци документи ма куд амунд ес, уотемæй, «Нииййерæги намус»-и орденæй хуарзæнхæгонд ка 'рцæуа, еци силгоймæгтæн ба, нуриуæнгæ кæд 100 мин соми фистонцæ, уæд нур ба еци нимæдзæ исхездзæнæй миллиони æрдæгмæ. Майдан «Нииййерæги намус»-æй хуарзæнхæгонд ка 'рцæуа, уонæн ба еурæстæгон феддони бæрцæ исхъæртдзæнæй 200 мин сомемæ.

Советон доги дæр берæсувæллонгин мадтæлтæн кадæгонд цудæй – 1944 анзæй ба 1991 анзи уæнгæ син лæвæрд цудæй «Мадæ-Бæгъатæр»-и кадгин ном. Æдеугурæй, еци ном лæвæрд æрцудæй 430 мин силгоймагемæн.

Аци анзи 1-аг июни сувæллæнттæ гъæуай кæнуни Еугурдуйнеуон бони, Уæрæсей президент В. Путин фембалдæй, берæсувæллонгин мадтæлти хæццæ æма син зæрдæ байвардта, еци кадгин ном фæстæмæ ке иснæуæг кæндзæнæнцæ, уой туххæй. Æма 15 августи бафинста уой фæдбæл Указ.

Еци кадгин номæй хуарзæнхæгонд цæудзæнæнцæ, дæс æма уомæй фулдæр сувæллæнттæ кæмæн исæнтæстæй, еци мадтæлтæ. Еци ном цитгийнаг уодзæнæй, Уæрæсей Федераций Бæгъатæри æма Уæрæсей Фæллойни Бæгъатæри нæмтти æмбæрцæ.

Еухаттон феддонæй нииййерæг пайда кæнунгъон æй æхе фæндонмæ гæсгæ. Уой уæлæнхасæн ба ма цæрæнуатон-коммуналон лæггæдти феддонтæ дæр феддзæнæй ниллæгдæргондæй, уæдта ма уæлæнхасæн æфтуйуй æ пенсибæл дæр.

Берæсувæллонгин мадтæлтæ ба еци-еу рæстæг гъæуама æнхæст кæнонцæ сæ маддæлон ихæстæ, сæ сувæллæнттæбæл ауодонцæ, се 'нæнездзийнадæ син гъæуай кæнонцæ, сæ ахур, физикон гъомбæладæмæ даронцæ сæ цæстæ.

Орден «Нииййерæги намус» лæвæрд цæуй авд кенæ фулдæр сувæллони ка исгъомбæл кодта, уæхæн нииййергутæн.

Майдан «Нииййерæги намус»-æй ба хуарзæнхæгонд цæунцæ цуппар сувæллонемæй фулдæр ка исгъомбæл кодта, еци мадтæлтæ.

Министрти Кабинети пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй цæттæгонд цæуй сæрмагонд уагæвæрд, цæмæй фæставæрци фондæй æхцай фæрæзнитæ дехгонд æрцæуа, 2022 анзи еци хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд ка 'рцæуа, уонæн сæ феддонтæ раттуни туххæй. Исонибонмæ ба еци æхцатæ нимад цæудзæнæнцæ федералон бюджети.

Уæрæсей Федераций президенти рази сувæллæнтти бартæ гъæуайгæнæг Комитети сæрдар **Мария Львова-Белова** куд фæннисан кодта, уотемæй сувæллæнттæ ирæзун æма гъомбæл кæнуни фæткæмæ нурæй фæстæмæ ци хузи цæстдард цæудзæнæй, уæхæн некæдма адтæй.

– Мæ зæрдæ дарун, идарддæр ба еци мадзæлттæ никки агъазиаудæр æма гъомусиндæргонд ке цæудзæнæнцæ, уобæл, – загъта кæмиси сæрдар.

***

*Мадæ алли адæмтæмæ дæр уæлдай цитгингонд цудæй. Уотæ махмæ дæр, æма е бæлвурд зиннуй нæ адæмон таурæхъти дæр. Уонæй абони мухур кæнæн цалдæр.*



## ЗАДÆЛЕСКИ НАНА

Дигоргоми Задæлески гъæуи фарсмæ еу лæгæти ес ковæндонæ. Æ кой ин, æвæдзи, алкедæр фегъустайдæ, фал ин æ равзурд алке нæ зондзæнæй. Цуппæрдæсæймаг æноси кæрони Тимури (Тамерлани) зинг бафтудæй еугур Кавказбæл. Æ фидбилиз царæфтуд бакодта кæддæри федар æма хъаурæгин Аланти паддзахадæ дæр. Æ будурти ин æ сахартæ æма гъæутæбæл дор дорбæл нæбал ниуугъта. Адæми цагъта устурæй-минкъийæй, зæрондæй-нæуæгæй... Æ фудæнхæ бахъæрттæй Дигоргоммæ бацæуæнтæмæ дæр. Адæмæй ма раон-циуондæр ка адтæй, етæ сæхе райстонцæ хуæнхтæмæ.

Еци рæстæги, адæми фарнæ æма Хуцауи хуарзæнхæй хайгин алайнаг силгоймаг, æ ном уæддæр уодæгасæй байзадæй æма гъæди знаги сосæггай æмбурд кæнун райдæдта ихæлд æма сугъд гъæутæ æма сахартæй æвæгæсæг седзæр сувæллæнтти. Æ уоди гъарæй сæ барæвдудта, цидæр бузуртæ сæбæл багæлста, хуæруйнагæй сæ фегъæстæ кодта, æма сæ хуæнхтæмæ – тæккæ Задæлески гъæу кæми æй, раст еци рауæнмæ. Иссæй син еумæйаг мадæ, хонгæ ба 'й кодтонцæ Нана. Гъæддаг рæзæ æма халсартæй сæ багъомбæл кодта. Уой фæсте биццеутæ уоститæ ракурдтонцæ. Кизгуттæ лæгтæмæ æрцудæнцæ æма гъæутæ исаразтонцæ.

Уотæ еу Хуцауи 'сконд силгоймаг багъæуай кодта æнæгъæнæ комидзаг адæми федæн æма байзадæй адæми зæрдити, зари, историй хуарзæй имисунцæ. Бацудæй Иристони адæми мади фæлгонци, æма 'й алкæддæр кади хæццæ, намуси хæццæ æримисунцæ.

Задæлески цæргутæн ба æ лæгæт Нанай фæдзæхстмæ гæсгæ иссæй ковæндонæ. Хонунцæ 'й Задæлески Нанай ковæндонæ. Нур си музей дæр искодтонцæ. Алли анз дæр ин искæнунцæ кувдтитæ, æрæмбурд си уй хъæбæр берæ дзиллитæ, уой дæр, айдагъ сæхуæдтæ задæлескæгтæ æма ардигæй рацæуæг бийнонтæй абони æндæр кæмидæр ка цæруй, етæ нæ, фал æнæгъæнæ Иристони аллирауæнтæй æрбацæуæг дзиллитæ дæр. Еци еумæйаг бæрæгбони сæ еумæйаг кувдæй Задæлески Нанай фарнæбæл сæхе бафæдзæхсунцæ.

## ХЪÆБОЛИ РИСТ МАДИ ЗÆРДÆМÆ ЦÆВУЙ

Еу мадæн æ бæдолæ хуæрз минкъийæй фесавдæй. Берæ æй фæййагурдта, берæ ибæл фæммаст кодта, фал ин æ фæд дæр нæбал иссирдта.

Рацудæй цалдæр анзи. Биццеу æхе зонунгъон фæцæй, базудта æ гъомбæлгæнæг мади. Æхе мади ба феронх æй. Раст æй еци рæстæги мадæ иссирдта, фал ин æй исхæссæг мадæ нæ дæттуй. Е дæр æй æхе хонуй.

Сувæллон ратонæ-батонæбæл исхуæстæнцæ. Гъуддаг Нихæсмæ бахъæрдтæй. Тæрхони рабадтæнцæ дзурддзæугæ лæгтæ. Цалдæр бони фæттæрхон кодтонцæ, фал дууæ мадей æхсæн рæстдзийнадæ иссерун сæ бон нæ иссæй. Уæд син фæстагмæ еу зæронд лæг уотæ: «Æртемæй дæр ардæмæ рацотæ!»

Ракодтонцæ сæ. Зæронд лæг дууæ силгоймаги сувæллони фæйнæ фарси æрлæууун кодта æма син загъта:

– Биццеуæн æ цæнгтæбæл ниххуæцайтæ, æхемæ 'й ка æлваса, е æй е 'цæг мадæ. Уой уодзæнæй сувæллон.

Силгоймæгтæ фæллæбурдтонцæ биццеумæ, ивазунцæ 'й фæйнердæмæ. Биццеу искудтæй, æма 'й е 'цæг мадæ фæуугъта æма загъта:

– Раттетæ æй уомæн, мæ бæдолæн æ цонг ратонуни бæсти æй



еске исгъомбæл кæнæд.

Курухон зæронд æ медбилти бахудтæй æма уотæ:

– Е 'цæг мадæ ду ке дæ, е рабæрæг æй: бæдоли рист мади зæрдæмæ цæвуй, æма дæу æй. Ду æй хонæ.

## МАДИ ЗÆРДÆ

Кæддæр еу биццеу, уосгори карæмæ ку бацудæй, уæд хъæбæр уарзта æндæр гъæуккаг кизги. Кизгæ ин нæ арази кодта. Биццеу æнцойнæ нæбал зудта, зилдæй æ фæдбæл, лигъстæ ин кодта, æхе гъардта кизгæн. Е ин æ лæмæгъдзийнадæ базудта æма си гириз кодта. Еуæхæни ин гъазгæй уотæ:

– Дæ мади зæрдæ мин æрбахæссæ, æма дæмæ бакомдзæнæн.

– Мади зæрдæ?! Гæрр, е ба куд æй?!

– Рамарæ 'й æма...

Биццеу кизги дзурдтæ æцæгæй балæдæрдтæй æма катаййи бахаудтæй. Фал кизгæмæ е 'нкъарæнтæ уотæ хъаурæгин адтæнцæ, æма æ мади рауæлдай кодта. Зир-зиргæнгæй æ мади зæрдæ фæхххæссуй æгъатир æма фудзунд кизгæмæ. Æ къах искъуæрдта æма размæ бахаудтæй. Мади зæрдæ имæ дзоруй:

– Дæхе нæ ниццавтай, мæ бæдолæ.

Биццеу еци дзурдмæ æхе æрлæдæрдтæй, ци бакуста, е имæ багъардта æма æхе къæхæнæй рагæлста.

## МАДÆ МАДÆ ÆЙ

Дзимиргоми дууæ æнсувæрей кæстæрæн цæуæт нæ адтæй. Уæд еуæхæни хестæр уотæ:

– Кæсун дæмæ ме 'нсувæр, æма дæ цардæй неци гъаст кæнис, мæ киндзи хæццæ «а» æма «о»-йæй цæретæ, фал уин æвæстагæй зæрондæй зин уодзæнæй... Дæ фарнæ фунæй уæд! Мæнæ бабæй нæхеуон æхе барæ нæй. Киндзæн зæгъæ... Ку ин райгурæ, уæд æй нæуæгигурдæй ку хæссидæ... Уæхецæн æй исгъомбæл кæнетæ. Нæхеуони хæццæ бадзубанди кæндзæнæн.

Дууæ æнсувæрей фæндонбæл файноститæ дæр исарази 'нцæ.

Уотемæй æвæстаг бийнонтæ биццеугин иссæнцæ.

Бæнттæ, æнзтæ цудæнцæ. Биццеу гъазунгъон фæцæй. Гъазгæ ба æхе æнсувæртæй зæрдиагдæр ке хæццæ гъæуама кодтайдæ? Уонæй æй æ къах нæбал хаста.

Уæд еуæхæни биццеуи æвæндонæй æ кæнгæмадæ сæхемæ æрбакодта. Фурбоцæн ин гахгун къеретæ гулæ æ къохи фæссагътæ. Биццеу си ракомидзаг кодта æма уотæ загъуй:

– Нана, уони гултæ адгиндæр фæуунцæ.

Уосæ фæкъкъæх æй, уæдта æ гъæлæсидзаг никкудтæй:

– Нана дæ нивонд фæууа, кæд еске цæуæтæй цæуæт нæййес. Етæ дæр мади конд фæуунцæ, æма мади къохæйдзаг æндæр адæ кæнуй.

Уоййадæбæл æй æ мадæ æма æ фидæмæ фæххудта.



## ДУУÆ МАДИ

Е раги адтæй. Фидтæлтæй æригъосгæ уац æй, седзæргæс уосæ æма хъæболгин арс гъæди æнæнгъæлти хæрхæмбæлд куд фæцæнцæ, уой туххæй.

Цæветтонгæ, мæгур седзæргæс уосæ уалдзæги е 'ртæ сувæллонеи хæццæ хæрæгуæрдунбæл гъæдæмæ сор къуæцæлтæ ласунмæ рандæнцæ. Уæрдун согтæй ку байдзаг кодтонцæ æма гъæди еудзæвгарæ ку рауадæнцæ, уæд сæбæл арс æ бæдæлтти хæццæ хæрхæмбæлд ку фæууидæ. Седзæргæс, мæ арт бауазал æй, зæгъгæ, æ цæуæтæн фæттарстæй æма ма ци ракодтайдæ, уой нæбал зудта. Уæдта æ уæллаггури æгънæгутæ фæйнердæмæ ратудта, æ реутæ фегон кодта æма æ гъæлæсидзаг нигъгъæр кодта:

– Æрбакæсай мæмæ, æз дæр мадæ дæн, мадæ! Мæнæн дæр дæу хузæн цæуæт даруйнаг ес, æма мæ мæ надбæл рауадзæ!

Арс силгоймаги цъæхахстæй тæргæ фæккодта, æви æфсæрми фæцæй, е бæрæг нæй, фал фæстæмæ ракæсæ-ракæсæ кæнгæй æ бæдæлтти хæццæ пихсæ æ разæй рахаста.



Президент Владимир ПУТИН провел открытый урок «Разговор о важном»

# ВАЖНО НАЙТИ СЕБЯ

**Кира ЛАТУХИНА**

В День знаний Владимир Путин посетил Калининград и провел открытый урок «Разговор о важном». Президент поддержал идею организовать в регионе большой детский центр, объяснил, что «отрезать» Россию от технологий невозможно. Он подчеркнул, что нужно быть лидером в ключевых направлениях развития и каждый шаг должен быть направлен на укрепление России и ее позиций. Владимир Путин также призвал поддержать участников специальной военной операции, которые защищают Россию и жителей Донбасса.

На встречу пригласили победителей олимпиад и конкурсов в области культуры, искусства, науки и спорта, в том числе ребят из Донецкой и Луганской народной республик. Поздравив всех с 1 сентября, президент отдельно выделил почти 2 млн первоклассников, для которых «начинается новая серьезная жизнь, по сути взрослая, потому что появляются обязанности». Задачи же старшеклассников – поиск себя и своего пути в жизни, чтобы получить от нее удовлетворение, добиться самореализации, своих целей, что очень важно для страны – ведь «от успеха каждого зависит успех всей страны в целом», – подчеркнул Путин. Активный образ жизни и занятия спортом позволяют не только меньше тратить денег на таблетки, но и стать более эффективными, хваткими, целеустремленными, добиваться успеха, а это значит, что и у страны будут успехи. И подчеркнул:

– Главное совместить то, чем ты занимаешься, с тем, что ты любишь, и тогда успех неизбежен...

И даже поделился своим опытом:

– Нужно действовать решительно и аккуратно, чтобы каждый шаг был направлен на укрепление страны изнутри и ее позиций в мире...

Успех начинает складываться в школе, и очень важно найти себя. Это, наверное, важнейшая задача для любого человека...

Президент уверен, многие люди ищут себя всю жизнь и далеко не сразу, даже не после школы или вуза находят себя, многие меняют профиль своей деятельности. И это нормально:

– Особенно в современном мире это очень важно: требования рынка труда меняются постоянно. Знания должны быть широкими, но давать возможность специализироваться и применять их на самых разных направлениях...

– Тогда легче будет найти свой путь, – заключил он.

Даниил из Калининграда предложил организовать здесь большой детский центр вроде «Артека».

– Создать нечто подобное «Артеку», «Океану» или «Орленку», конечно, очень востребовано в таком регионе, как Калининград. Это курортное место с мягким климатом. Скажу сразу и откровенно, это вопрос только денег. Но идея правильная, и география должна расширяться, – поддержал президент и обещал поручить правительству рассмотреть вопрос.

Кира из Москвы подняла вопрос биотехнологий в условиях санкций.

– «Отрезать» Россию от чего-то в современном мире невозможно, а некоторые направления в науке и технике без нашей страны невозможно развивать вообще, – сказал президент. – Совсем все отрезать невозможно, но дело не в этом – мы сами должны развивать внутри страны такие ключевые направления развития и быть не догоняющими... а лидерами.... Биотехнологии – одно из самых перспективных направлений исследований, заметил он. И важно, чтобы результаты исследований отражались на разных отраслях, в целом это получается...

Речь зашла об образовании в ДНР и ЛНР. Путин рассказал, что там «школьники не знали, что существует Крымский мост, считали, что это фейк, не знали, что Украина и Россия входили в состав единого государства – СССР: им так это преподавали».

– Да и взрослые многие, судя по всему, не знают, что у Украины не было своей государственности до образования Советского Союза, – заметил он. – Все считают, что какая-то агрессия со стороны России происходит сегодня, – сказал президент. При этом подчеркнул: Не знают и не понимают, что после госпереворота 2014 года жители Донецка, Луганска и Крыма не захотели признать результаты переворота, и против них вели войну восемь лет, продолжил он. – Наша миссия – эту войну прекратить, защитить людей и защитить саму Россию, потому что на территории Украины начали создавать антироссийский анклав, который угрожает России. И ребята там защищают нашу страну, что, безусловно, заслуживает всяческой поддержки со стороны общества, сказал он. Они рискуют, многие погибают и должны понимать, за что отдают свои жизни – за Россию и людей, которые живут в Донбассе.

Перед открытым уроком по телемосту из Калининграда Владимир Путин вместе с таджикистанским коллегой Эмомали Рахмоном открыли пять школ в пяти городах, где дети будут учиться на русском. Это знаковое событие для двусторонних отношений, подчеркнул российский лидер и поблагодарил за сбережение русского языка.

– По-настоящему современные учебные заведения примут почти пять тысяч таджикских ребят, – сказал он.

И обратил внимание на рост интереса к образованию на русском языке среди граждан Таджикистана. В российских вузах учатся уже 30 тысяч студентов из республики. Путин объявил, что Москва решила вопрос с предоставлением здания для культурного центра Таджикистана и возьмет на себя все расходы - об этом ему рассказал столичный мэр.

– У нас в стране 39 школ с русским языком, в них около 27 тысяч учащихся, – сообщил Рахмон. Также много смешанных, где учатся на двух языках, кроме того, по госстандарту русский язык преподают во всех школах со 2-го класса. Следующий год в СНГ объявлен Годом русского языка.

***«Российская газета», 02.09.2022***

## ЧТО ИЗМЕНИТСЯ В ШКОЛАХ С 1 СЕНТЯБРЯ 2022 ГОДА

# Звонок на перемены

**Мария АГРАНОВИЧ**

С 1 сентября, в силу вступили обновленные образовательные стандарты (ФГОС) сразу для двух школьных «ступеней» – начальной и основной школы (с 1-го по 4-й и с 5-го по 9-й классы).

Напомним: для школ, родителей и самих учеников это наиважнейшие документы, которые определят содержание школьного образования России на многие годы.

Чем новые стандарты принципиально отличаются от тех, что действовали до сих пор? Почему нужно было их менять?

– Стандарты, которые вступают в силу с нового учебного года, – это усовершенствованные прошлые ФГОС, которые были приняты еще в 2009-2012 годах и вводились поэтапно, – рассказал «РГ» и. о. вице-президента Российской академии образования, декан факультета педагогического образования МГУ им. Ломоносова Виктор Басюк. – Прошло более 10 лет, и стандартам нужен «апгрейд». Предыдущие были достаточно «рамочные».

В новой же версии – все очень подробно: какой минимум знаний и умений должен освоить ученик. Акцент на то, как ребенок может применять знания на практике. По каждому учебному предмету – четкие требования к образовательным результатам.

Например, если раньше по математике нужно было просто «владеть основами математических знаний», то в новом документе даны более конкретные формулировки: например, нужно знать теорему Пифагора и применять ее при решении математических задач.

Обязательным требованием в новых стандартах основной школы стала возможность изучать 5 предметов в углубленной форме. Это математика, информатика, биология, физика, химия.

– Сегодня в стране акцент на подготовку инженерных кадров, развитие исследований, естественно-научной деятельности. Поэтому определены эти пять стратегически важных предметов, – поясняет Виктор Басюк. – В стандартах это видно по предметным результатам – они уже прописаны в двух вариантах: что должен знать ученик, изучающий предмет на базовом уровне, и что – на углубленном.

Может ли появиться ЕГЭ по этим предметам в профильном формате? По мнению В. Басюка, вряд ли. Он пояснил так:

– У нас есть Единый госэкзамен по базовой и профильной математике. Но математика – обязательный предмет, который необходим для получения аттестата. Поэтому базовый уровень здесь нужен. Остальные предметы – по выбору для поступления в вузы.

Обновленные стандарты начинают действовать в этом году для первых и пятых классов. А что в остальных? По словам Басюка, можно начинать реализацию нового стандарта и в других параллелях, то есть во 2-4-м классе, в 6-7-м. Но для этого школа должна иметь все условия, определенные вводимым документом.

Что важно помнить учителям?

– Для учителя сейчас очень важно при составлении рабочей программы по предмету изучить требования к результатам, которые определены стандартом по всем предметным областям, они в новых стандартах очень конкретные и понятные. Обратить внимание и на личностные результаты, в том числе связанные с программой воспитания – она тоже обновлена, – отмечает эксперт.

Еще один важный момент, который определяют новые стандарты, – изучение второго иностранного языка по желанию. До сих пор второй иняз был обязательным пунктом учебной программы и занимал, как правило, 2 урока в неделю.

Но, по данным опроса на сайте «РГ», качеством изучения второго иностранного языка в российских школах недовольны 65,4 процентов родителей, примерно столько же считают, что он и вовсе не нужен.

Теперь в образовательных стандартах для основной школы написано: «Изучение второго иностранного языка из перечня, предлагаемого организацией, осуществляется по заявлению обучающихся, родителей... и при наличии в организации необходимых условий». Так что собираем заявления и несем к директору.

В скором времени появится и обновленный стандарт старшей школы. Над этим сегодня работает министерство просвещения.

В целом новый учебный год будет значительно отличаться от предыдущего.

**ОСНОВНЫЕ ШКОЛЬНЫЕ НОВИНКИ НА УЧЕБНЫЙ СЕЗОН 2022/2023**

1. Второй иняз – факультативно, по заявлению родителей.
2. Углубленное изучение 5 предметов – математики, химии, биологии, физики, информатики.
3. Каждый понедельник первым уроком – классный час «Разговоры о важном».
4. Неделя в школе начинается с поднятия флага и исполнения гимна России.
5. Изучение основ финансовой грамотности – не отдельным предметом, а в рамках курсов математики, обществознания, географии.
6. Историческое просвещение начнется с начальной школы – в рамках внеурочной деятельности.
7. В группах продленного дня теперь будут помогать делать домашнее задание. До сих пор основной функцией продленки был только «присмотр» за школьниками.
8. В России откроются 126 инженерных классов по профилю судо- и авиастроения.
9. В аттестатах вместо «зачтено» по физкультуре будут стоять оценки.

***«Российская газета», 02.09.2022***

***Иван РОСЛЫЙ (1902-1980), Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант: «Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи рæстæг мах æвдесæн иссан советон адæми æхседгæ патриотизмæн, цифуддæр знаги ниддæрæн кæнуни сæрбæлтау, цæмæйдæриддæр сæ бон адтæй, уомæй байагъаз кæнунмæ цæттæдзийнадæн.***




**Будури Дæргъæвси тугъдонтæй Устур Фидибæстон тугъди Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уонæн гъæуи бæрæгастæу æвæрд ес циртдзæвæн.**

# ЕЦИ БÆНТТÆН ФЕРОНХГÆНÆН НÆЙЙЕС



**ФИДАРАТИ Æхсарæ,**
**(1919-2020)**
**ахургæнæг,**
**фæллойни ветеран**

АДТÆЙ 1941 анзи сæрди фиццаг мæйæ. Будури Дæргъæвси гъæуи кустгъон адæм нæлгоймагæй-силгоймагæй адтæнцæ будури æхсæдуни кусти. Косунгъон ка нæ адтæй, етæ æма сувæллæнттæ ба – гъæуи.

Гъе уотемæй нæмæ, хуарз ма ’й гъуди кæнун, хуцаубони, 22 июни гъæумæ æрцудæй Ирæфи райæнхæсткоми сæрдар, будуридæргъæвсаг **Фидарати Максим**. Уогæ гъæумæ цæугæ дæр нæ бакодта, æрхизтæй гъæугæрон будури æма рарвиста гъæумæ дæр, будурмæ дæр, митингмæ рацотæ, зæгъгæ.

Адæм уайтæккæ æрбамбурд æнцæ. Максими алливарс æртумбул æнцæ, æнгъæлмæ кастæнцæ ци хабар фегъосун кæндзæнæй, уомæ. Уалинмæ Максим райдæдта æ дзубанди:

– Фашистон Германий æфсæдтæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ нæ бæстæмæ, советон сахартæ æма гъæутæбæл бомбитæ калунцæ... Райдæдта тогкалæн тугъд гитлерон фашистти хæццæ... Фал тæрсгæ ма кæнетæ, федарæй уи баруагæс уæд, уæлахез уодзæнæй мах, знаг дæрæнгонд æрцæудзæнæй нæ намусгин Сурх Æфсади къохæй...

Аци хабар æримисгæй, мæ цæститæбæл рауайуй, силгоймæгтæ ставд цæстисугæй кæун куд фæййагайдтонцæ, е. Кудтæнцæ етæ, кæцитæн се ‘нсувæртæ, сæ цардæмбæлттæ кенæ сæ бæдæлттæ æфсади служби адтæнцæ. Уотемæй кæугæй фæстæмæ кустмæ рандæнцæ, будурæй ка ‘рбацудæй, етæ, иннетæ – сæргубурæй – гъæумæ, ка ба ма Максиммæ æхе байста æма ‘й фарста: «Ци уодзинан, куд уодзинан?»

Е син зæрдитæ æвардта: «Сталини хæццæ махæн тæссаг нæй, ма тæрсетæ».

Цудæнцæ бæнттæ, цудæй тугъд Балтики денгизæй Сау денгизи уæнгæ. Уæхæн тугъд историй нæма адтæй. Гитлери фашистон æфсæдтæ нецæбæл аурстонцæ, дæрæн кодтонцæ гъæутæ, сахартæ, цагътонцæ адæми. Æрбагæлстонцæ берæ тухтæ æнæнгъæлæги: авиаци, танктæ, дзармадзантæ æма берæ æндæр техникæ. Æ бадзурд фехалгæй ин æнтæстæй, тагъд цудæй размæ, фиццаг бæнтти кæд нихкъуæрд дæр иста, уæддæр.

Знагæн нихкъуæрд раттунмæ гъудæй берæ хъаурæ, берæ адæм, æфсад. Æрвист æрцудæнцæ тугъдмæ, цидæриддæр хуæцунгъон адæм адтæй, етæ, бæстæ багъæуай кæнунмæ. Гъæути æма сахарти ма байзадæй силгоймæгтæ æма хестæртæ, уæдта сæйгитæ, сувæллæнттæ æма сахъат адæм. Зæнхитæ, уæдта заводти косун æрхаудтæй уонæмæ, æма кустонцæ, кæмæн куд æ бон адтæй, уотæ. Дзуапп лæвардтонцæ партий фæдздзурдæн – «Все для фронта, все для победы».

Колхозти трактортæбæл исбадтæнцæ зæронд лæгтæ æма силгоймæгтæ – Будури Дæргъæвси хестæртæ **Дрети Сæлæмурзæ, Мамсурати Малсæг** æма ма кизгуттæй **Хабæти Афинæт, Мамсурати Саня, Хъантемурати Саня, Бердиати Нинишкæ**. Мæ цæститæбæл уайуй, фæскуст кизгуттæ нæ гъæунгти ‘рцæйцудæнцæ, фæллад дæр цума нæ адтæнцæ, уотæ игъæлдзæгæй, ходгæй, сæ уæле ба – голлаги хъумацæй пъолцитæ, сæ къохти деденгутæ кенæ цъæх æхсинцъий къалеу, мæнæн дæр си февæриуонцæ.

Уотæ ку зæгъон, æма уæди рæстæг дессаг адтæй, уæд, ка *й зонуй, еске уотæ дæр зæгъдзæнæй, гъома уанæбæрæг цæмæй дессаг адтæй еци рæстæг, кæд æма тугъд цудæй, уой фудæй ба адæм гъезæмæрттæ æвзурстонцæ. Гъо, адæм хъæбæр берæ зинтæ æма гъезæмæрттæ æвзурстонцæ тугъдон уавæрти фудæй. Фал уæддæр син бухстæнцæ, агъазиау фæразондзийнадæ æма еузæрдиуондзийнадæ æвдистонцæ. Хъазауатонæй кустонцæ, ка си кæми багъæуидæ, уоми. Фæллайгæ дæр куд нæ кодтайуонцæ еци тухгустæй, фал си еумæйаг гъуддæгутæй хе ратилеф кæнун æ сæрмæ неке хаста. Лæдæрдтæнцæ уой, æма фронти ка ‘й, уони, цæмæй знаги æнтæстгиндæрæй дæрæн кæнонцæ, уой туххæй берæ цидæртæ, уæлдайдæр ба хуæруйнаг ке гъудæй. Æнæ хуæруйнагæй хуæцæнгарз дæр гæрах ке нæ кæнуй, танк дæр, машинæ дæр ке нæ цæуй, хуæдтæхæг дæр ке нæ тæхуй, дзармадзан дæр ке нæ æхсуй. Æма архайдтонцæ, цæмæй алцидæр уа фронтæн.

Заводти, фабрикти сауæнгæ æнагъон сувæллæнттæ дæр ма ‘слæудтæнцæ станокти уæлгъос æма кустонцæ. Нæ ми иронх кæнуй 5-6-аг къласи ахурдзау биццеу станокмæ хъæртгæ дæр нæ кодта, уотемæй æ къæхти буни асикк исæвардта æма æфсæйнаг зурнæйзелæн станокбæл дзармадзани нæмгути къудуртæ куд зилдта, е.

Уотæ лæдæрдтæнцæ, тугъди фæскъилдунмæ ци адæм байзадæй, етæ сæ ихæс æма æнæ етæ, фронти ка ‘й уомæн æ бон ке неци бауодзæнæй, уой. Ка æрвиста фронтмæ танктæ, хуæдтæхгутæ, машинттæ, дзармадзантæ, минометтæ, топпитæ, пулеметтæ, берæ æндæр хуæцæнгарз, уæледарæс, къахидарæс, хуæруйнаг. Зæгъæн ес, æма не ‘стур Советон бæстæ адтæй еумæйаг фронт, æма фронти къилдуни ка адтæй, уони дæр исхонун æнгъезуй фронтовиктæ.

Къилдуни адæм æмбурд кодтонцæ æфсадæн уæледарæс, къахидарæс, гъар цъиндатæ, медæггæгтæ, хуйгæ дæр син кодтонцæ æма æрвистонцæ, е дæр уой бæрæггæнæн æй, æма адæм уарзтонцæ сæ бæстæ, се ‘фсад, сæ хецауади æма архайдтонцæ, цæмæй алцидæр æрвист цæуа фронтæн.

Иристони адæм нæ адтæнцæ фæстаг еци гъуддаги, неци æвгъау кодтонцæ уæлахезæн, æмбурд кодтонцæ æхца Иристони номбæл фронтæн танкти колоннæ, хуæдтæхгути эскадрили исаразунмæ. Мæхуæдæг адтæн Будури Дæргъæвси еци кусти лæуд. **Токати Бимболати** хæццæ æхца района банкмæ фæлластон æма сæ равардтон танкти колоннæ аразунмæ фондмæ – 5658 соми уæди æхцайæй. Уæхæн минкъий гъæуæн е минкъий нæ адтæй. Еци гæгъæди ма мин абони дæр æгас æй.

Айдагъ уæхæн гъуддæгутæй фæстæмæ фронти къилдуни ‘рдигæй цæрæг адæм багъæуаги рæстæг не ‘фсадæн агъаз кодтонцæ æндæр гъуддæгути дæр. Нæдтæ рæвдзæ кæнун ку багъудайдæ, кенæ къанау къахун танкти нихмæ, уæд уонæмæ дæр зийнадæ нæ кодтонцæ.

Будури Дæргъæвс Кæсæгæн æ тæккæ арæнбæл æй. Не ‘фсæдтæн гъæуæй еудууæ километри дæлдæр Кæсæги зæнхæбæл багъудæй знаги танкти нихмæ къанау къахун Ирæфи билæй рагъи гъæдрæбуни уæнгæ еу-æртæ километри бæрцæ. Къахæн техникæ сæмæ нæ адтæй, сæхе хъаурæй ба тагъд нæ адтайуонцæ. Нальчикки ‘рдигæй фронт æрбатонунæй тæссаг адтæй æма ‘й фæттагъд кæнун гъудæй. Фæдздзурдтонцæ агъазмæ Дæргъæвси цæрæг адæммæ.

Кадæриддæр адтæй, етæ нæ базийнадæ кодтонцæ сæ гъæуайгæнæг уарзон Сурх Æфсади курдиадæ исæнхæст кæнунмæ. Рандæнцæ æд белтæ, æд къахæнтæ. Куст цудæй хъæбæр тагъд, фал еу рауæн разиндтæй къæдзæх æма ‘й белæй къахæн нæбал адтæй. Уæд æфсæддонти разамонæг фервиста рæмодзæн æрмæгмæ. Æрбаластонцæ дууæ асикки дзаг тол. Байвардтонцæ ‘й къæдзæхи буни, адæми рарвистонцæ идарддæр æма сæ зæнхæбæл дæлгоммæ æрхуссун кодтонцæ. Исрæмугътонцæ æрмæг æма арвигъæри хузæн нигъгъæр кодта. Æ хъаурæ, адæм ци ‘рдигæй адтæнцæ, еципрдæмæ фæцæй. Дортæ уæлæрвтæмæ фæттахтæнцæ æма бунмæ скъотгæнгæ хаудтæнцæ. Хуцау хуарз, æма си некæмæн неци адтæй, минкъий цъæрæмухститæй уæлдай.

Гъæумæ еци исрæмугъди гъæр куд нæ фегъустайдæ æма ма си ка адтæй, етæ фæдеси уадæнцæ: ка фестæгæй, ка уæрдуни кенæ бричкæй, æллæх нæ адæмбæл бомбæ æргæлстонцæ, зæгъгæ, цæфтæ æма мæрдтæ ласун гъæуй, зæгъгæ. Фал ку ‘ркастæнцæ, æма си ку некæмæн неци адтæй, уæд сæ зæрдæ фæффедар æй æма изæрæй адæми раластонцæ. Нæййес уæхæн цаутæн иронхгæнæн.

Нæ ми иронх кæнуй, куд адтæй уæд скъолати цард, е дæр. Финсгæ цæбæл кодтонцæ скъоладзаутæ, е адтæй продукттæ тохæн бор гæгъæди, чернилæ ба кодтонцæ бæрæзей гагати лæмарæнтæй. Уотæ адтæй немуци рацуди фæсте, фал се ‘ссуди размæ ба скъола адтæй мæ бæрни, æма мæмæ еу бон къæбинетмæ фæззиндтæнцæ æфсæддон дарæси æртæ лæги æма загътонцæ, скъола гъæуй мах, госпитæл си аразæн, зæгъгæ. Ци гæнæн адтæй, тугъд тугъд æй, аци гъуддаги нихмæ дзорæнтæ нæййес. Равардтонцæ скъола нæхеуонтæн. Дууæ бонемæ фестадæй госпитæл, кæбæлти имæ бацудайнæ, уой мæхуæдæг дæр нæбал зудтон. Æнæуой ба сæ рабæрæг кæнинæ, киномæ дæр сæмæ бауайинæ. Дзæбæх си кодтонцæ, фронтæй цæфтæй ке ластонцæ, уони, æма си ке фæстæмæ фронтмæ здахтонцæ, ке æ хæдзарæмæ ‘рвистонцæ.

Нæхе æфсæдтæ гъæуи фæцæнцæ 1942 анзи 25 октябри мæйи уæнгæ, уæдта Нальчикки ‘рдигæй фронт æрбатудтонцæ немуц, зæгъгæ, еци хабар сæбæл исæмбалдæй, æма уæд æхсæви гъæуама рандæ адтайуонцæ гъæуæй. Еци хабар игъосун нæ кодтонцæ, фал се штаби финсæгæй ци кизгæ куста, Верæ, зæгъгæ, е еци изæр æрбауадæй махмæ, æнæдзоргæй мæ хæццæ ралæудтæй дууæ-æртæ минутти, уæдта мин загъта:

– Ахсар, проводи меня...

Рахъæртун æй кодтон гъæунгæмæ æма мин уоми ба уотæ ракой кодта:

– Æхсар, знаешь что, меня ждет за это трибунал – я открываю военную тайну... Но все же хочу сказат тебе: мы уходим этой ночью, немцы прорвали фронт в районе Нальчика, и поберегите себя. Я иду сейчас по нашим отделениям с пакетами, вот они...

Æма мæмæ къонверттæ равдиста.

Кизгæ рандæй. Мæнæй раздæр аци хабар неке зудта гъæуи. Æз уæд разилдтæн синхбæл, хеуæнттæбæл æма син хабар фегъосун кодтон, уод хъазар æй. Æма уæд гъæдæмæ нихxæррæт кодтонцæ адæм – ка еци æхсæвæ, ка ба дуккаг бон. Фæлластонцæ сувæллæнтти, ци сæмæ адтæй хъазарæй, уой, уæдта фæттардтонцæ сæ фонс дæр, хуар сæхецæн.

Уæд дин еу сæумæ, 28 октябри, рагъ-

**Финлянди 1944 анзи 4 сентябри рацудæй Советон Цæдеси нихмæ тугъдон уавæрæй – æ гъуддаг хъæбæр тæссаг ке адтæй, уой туххæй. Фал си е феронх æй æма бабæй абони Уæрæсей нихмæ иссæй.**

***Тугъди пеллон арт Орджоникидземæ куд хæстæгдæр кодта, уотæ сахари алфамбулай аразун райдæдтонцæ адæмон ополчений къуæрттæ, æ цæргутæ рацудæнцæ гъæуайгæнæн фæрæзнитæ аразунмæ, аразтонцæ партизанти къуæрттæ, иристойнаг кизгуттæ барвæндонæй цудæнцæ снайперти скъолатæмæ...***

бæл бадæн æма кæсæн гъæуи ‘рдæмæ. Æма фæууидтан: немуцаг æфсæдтæ цæун байдæдтонцæ гъæумæ. Се ‘фсæйнаг ходтæ æма топпитæбæл никелæй æмбæрзт рæхуайæн кæрдтæ куд æрттивтонцæ, е ма мæ цæститæбæл уайуй нур дæр.

Уæд **Уртатæй Лизæ**, зæгъгæ, нæ киндзи хуæрæ лæф-лæфгæнгæ, сувæллон æ гъæбеси, æ хед кæлуй, уотемæй нæ рази æрбадтæй æма тухуолæфтгæнгæй загъта:

– Немуц æрбацудæнцæ, – æ бон дзорун дæр нæбал адтæй, – æрæнцадæнцæ гъæуи, æ еу æрдæги румынæгтæ æма венгрийæгтæ, иннæ æрдæги – немуц...

Гъæуи хæдзæрттæй еуеми æрбунат кодта сæ штабгонд, пъæлици къæнцилар. Нæхецæй дæр син хъозæнттæ фæцæй æма ахæссун райдæдтонцæ партионти, фæскомцæдесонти æма сæ рарвистонцæ Прохладныймæ. Еу-инсæййемæй фулдæрей рарвистонцæ. Æртей ба си маргæ ракодтонцæ партион æма æхсæнадон косгутæй: **Баймæтати Агубекир** – рагон партион, колхози фиццаг сæрдар, **Æлборати Гафет** – гъæуихецау, **Туати Мишка** – гъæусовети секретарь æма ахургæнæг.

Немуци ку фæссурдтонцæ Сурх Æфсад, уæд син сæ хеуæнттæ исластонцæ сæ мæрдтæ. Сæ дарæсæй ма сæ базудтонцæ, æндæр бæрæг дæр нæбал адтæй, ка си кæци æй, е, еумæйаг цирти нигæд уогæй. Гъæу син бафснайдтонцæ сæ мæрдтæ сæхе райгурæн зæнхæбæл.

Еу хатт ма скъолай туххæй. Нæхеуæнттæ скъолай кæд госпитæл исаразтонцæ, уæд си немуц ба райаразтонцæ бойнæ, къалбасгæнæн цех. Уой фæсте берæ рæстæги дæргъи, фонс кæми æвгарстонцæ, еци къласæн æ тоги тæф нæбал цудæй.

Еци цехи сæмæ кустонцæ гурдзиаг уацайрæгтæ. Æртей нæмттæ ма си гъуди кæнун: Шалва, Акъо, Сосо. Цардæнцæ махмæ. Сæ советон æфсæддон дарæс нæ фесафтонцæ. Мæ киндзæмæ сæ равардтонцæ, нихснæ, дан, нин сæ æма сæ бампъозæ, куддæр нин гæнæн фæууа, уотæ ледзгæ кæндзинан нæхеуæнттæмæ. Æнæбари ка бахаудтæй уацари, уæхæнттæ адтæнцæ.

Немуц ку фæлледзæги æнцæ, уæд, нæхецæй син хъозон ка фæллæудтæй – куд пъæлицайаг кенæ старостæ, – етæ дæр сæ хæццæ рафардæг æнцæ, æма уоййадæбæл сæ кой, сæ гъæр дæр нæбал райгъустæй.

Немуц ледзунвæндæ ку искодтонцæ, уæд, хъæбæрдæр си кæмæ æндиудтон уой рафарстон:

– Еци тæвдхæлæфæй кумæ цæуетæ?..

Немуц мæнгард адтæнцæ, сæ лигъди туххæй æргомæй нæ басастæнцæ, уотæ рарæуонæ кодтонцæ:

– Фронт никъкъæдзтæ ‘й æма ‘й рараст кæнæн...

Румынæгтæ ба æргомдæр адтæнцæ :

– Ла Румыния, ла касса, – гъома, нæхемæ Румынимæ, нæ хæдзæрттæмæ цæуæн.

Еу румынаг афицер, Коля, зæгъгæ, нæмæ цардæй æма æ хæццæ радзубандитæ кæнинæ. Уæд æй еууæхæни рафарстон:

– Цæмæн æрбацудайтæ ардæмæ?..

Е мин æрдæгцъæрæмухститæй, колхозтæ, дан, ихалæн, уæдта, дан, уæмæ цивилизаци нæййес æма уæмæ уой хæссæн. Æхуæдæг ба æмбурд кодта, Гитлербæл цидæриддæр карикатуритæ уагъд цудæй махмæ, уони, цалдæр тухтони имæ си адтæй.

Немуц Иристони берæ нæ бафæстеуат æнцæ. 1942 анзи октябри кæрони æрбацудæнцæ, декабри кæрони ба сурд æрцудæнцæ Цæгат Иристонæй.

Гъæуи адæм æздæхун райдæдтонцæ гъæдæй. Сæ амонд адтæй æма цалинмæ гъæди адтæнцæ, уæдмæ бонигъæдæ нæдæр уарунтæ рахаста, нæдæр мет не ‘руардта, æма уомæ гæсгæ бустæги тухстдзийнадæ нæ баййафтонцæ. Мет æруардта айдагъдæр 1943 анзи 3 январи, уой дæр уоййасæбæл берæ нæ, айдагъдæр зæнхæ бауорс æй.

Тугъд ку райдæдта, уæд ахургæнгутæй дæр берети фронтмæ ракодтонцæ. Байзадæнцæ ма, е ‘нæнездзийнадæмæ гæсгæ ракæнуни аккаг ка нæ адтæй, етæ, уæдта силгоймæгтæ. Ахургæнгутæ нæбал фагæ кодта æма ахургæнæн предметтæ иуаргæ рауадæнцæ, ка ма нæмæ адтæй, уонæбæл. Кæд сæ дæсниадæбæл нæ адтæнцæ, уæддæр сæ хастан, ка куд арæхстæй уотæ. Мæнæн бабарæ кодтонцæ уруссаг æвзаги, ирон æвзаги, хузæкæнуни, ханхæкæнуни (черчение), сауæнгæ заруни уроктæ дæр, кæд раздæр физикæ æма математикæ адтæнцæ мæ уроктæ, уæддæр.

Уæд еу бон бацудтæн заруни урокмæ 6-аг къласмæ. Балæдæрун син кодтон уроки нисан. Ниффинстон зари дзурдтæ фæйнæгбæл, рафинсетæ ‘й, зæгъгæ. Рафинстонцæ зар. Æз син æ мотив байамудтон, уæдта син загътон: «Цæй, нур æй еумæ разарæн». Æз райдæдтон зарун, етæ бадунцæ, сæ гъæлæстæ нæ хæлеу кæнунцæ, нæ зарунцæ. Дзорун сæмæ:

– Цæмæннæ заретæ?

Етæ бадунцæ. Уотæ сæ бафарстон еуæртæ хатти. Уæд си еу кизгæ исистадæй æма мин уотæ ку зæгъидæ:

– Нæ фидтæлтæ, не ‘нсувæртæ сæ реутæ знаги топпи цъухмæ дарунцæ æма мæлæти къахбæл æнцæ, мах ба ами заргæ кæнæн?!.

Неци адтæй мæ бон зæгъун еци дзурдти нихмæ. Заруни урок сæмæ некæдбал искодтон, цалинмæ тугъд цудæй, уæдмæ, уой бæсти син æндæр урок искæнинæ.

Гъе е ба дин сувæллон!.. Æ загъди рæстдзийнадæ мæмæ уоййасæбæл багъардта, æма мæ бон æй нæдæр бафхуæрун, нæдæр æ нихмæ ести зæгъун адтæй...

Берæ ‘нцæ имисуйнæгтæ, фал си æз, хъæбæрдæр мæ зæрдæбæл ка лæууй, уони ниффинстон.

* * *

***РЕДАКЦИЙÆЙ: Фидарати Боцай фурт Æхсарæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фронтмæ æрвист не ‘рцудæй е ‘нæнездзийнадæмæ гæсгæ. Фал уæддæр, æ бон ци адтæй, уомæй фæхъхъиамæт кодта уодуæлдайæй нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Æма нæ зæрди æй уой туххæй бæлвурддæр æрмæг нæ газети ниммухур кæнун.***



**Будури Дæргъæвси алфамбулай немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити советон тугъдонтæй ка фæммард æй, уони Æнсувæрон циртбæл æвæрд циртдзæвæн.**



# ÆДЗАРД ТУГЪДОНИ МАДÆ ФИНСТА...

УСТУР ФИДИБÆСТОН тугъди рæстæг Будури Дæргъæвси алфамбулай ци тугъдтитæ цудæй, уони туххæй, гъулæггагæн, аккаг хузи æма æнхæстæй койгонд нæ фæццæуй – нæдæр дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, нæдæр дзиллон мадзæлтти. Ку сæ æримисунцæ, уæддæр гъæубæсти медæгæ...

Уотемæй ба, немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ ами дæр карз тох цудæй, советон тугъдонтæ уодуæлдайæй знагæн нихкъуæрд лæвардтонцæ. Нæ еци бæгъатæртæй еу адтæй украинаг лæхъуæн **Олекса Максимейко**. Уæд еци карз тугъдтити уæззау цæф фæцæй. Фæййервæзун æй кодтонцæ Будури Дæргъæвси цæрæг **Тменати Давиди** бийнонтæ. Уой туххæй ма кæддæр нæ газети финстан, уомæ гæсгæ ба уой кой бæлвурдæй нæ кæндзинан. Айдагъдæр уой зæгъдзинан, æма фæстугъд Олекса Максимейко иссæй зундгонд поэт. Æ уадзимисти хъæбæр ахид æримисидæ Будури Дæргъæвси алфамбулай тугъдтитæ, æ тугъдон æмбæлтти, æ ервæзунгæнæг Тменати бийнонти, уæлдайдæр ба Клави... Е ‘мдзæвгитæ еуеми уотæ финста:

*Нæ дивизи – ифтонг...*
*Æхсæрдзæнтæ – тар,–*
*Мах суадæттæ сæрстæй æндонæй*
*Нæ дивизи – ифтонг... Хæцыди хъайтар*
*Кавказы дæлбазыр уæндонæй.*

*Сармадзанты богътæ, нæмгуыты æхситт...*
*Нæ альварс – ииуыл пырхæндæг...*
*Æфсæддонтæм сабыр лыхстæйæ сæ сидт –*
*Зæдæнгас чызджытæн – æрхæндæг...*

*О, цал æмæ цал хатты знæгтæм тызмæгæй*
*бырстам –*
*Домбæйттау сæрдасæны номыл!..*
*О цал хатты знæгты уæйгуытау бырстам!...*
*Фæлгæсыдтæн мастæфхæрд комыл.*

*Лæууы ма мæ зæрдыл: нæ фале бæрзонд*
*Æндзыгæй æрцауыгъди рындзтæ,*
*Лæууы ма мæ зæрдыл: лæппутæ æмзонд,*
*Æрыгæттæ, фидар цæджындзтæ.*

*Нæ дивизи – ифтонг... Æхсæрдзæнтæ – тар,*
*Мах суадæттæ сæрстой æндонæй.*
*Нæ дивизи – ифтонг... Хæцыди хъайтар,*
*Кавказы дæлбазыр уæндонæй...*

Гъо, сæ дивизи хуæрзефтонг адтæй алцæмæй дæр, уæлдайдæр ба æ тугъдонти бæгъатæрдзийнадæй. Етæ уодуæлдайæй тох кодтонцæ знаги æрдонгти нихмæ, беретæ си сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау – дууæ æма дууинсæййемæн дæргъæвсаг зæнхæ иссæй се ‘носон бунат – уал советон æфсæддони æвæрд æнцæ Будури Дæргъæвси рази Æнсувæрон цирти. Гъæуккæгтæ хестæрæй-кæстæрæй æй гъуд кæнунцæ, раст сæ хеуæнтти циртити хузæн. Ка си æвæрд æй, уони хеуæнттæй дæр, æ равгæ кæмæн куд уидæ, уотæ ‘й ахид бабæрæг кæниуонцæ. Уой туххæй æрмæгутæ бакæсæн ес дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр. Зæгъæн, Ирæфи райони газет «Ленинон»-и 1965 анзи 9 майи мухургонд æрцудæй цубур уац (ниффинста æй Кудзойти А.), кæцими дзубанди цæуй уой фæдбæл.

Будури Дæргъæвси алфамбулай тугъдтити ка фæммард ‘й æма Æнсувæрон цирти æвæрд ка ‘й, еци бæгъатæртæй еу адтæй **Гордеев Василий Терентийи фурт**. Дзæргъæвсаг æригон фæдагоргутæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй æ мадæ фæстугъд цардæй сахар Челябински. Ахурдзаутæ æма ædзард æфсæддони ниййерæг мадæ **Гордеева Елизаветæ Василийи кизги** ‘хсæн федар бастдзийнадæ фæззиндтæй, кæрæдземæ финстæгутæ æрвистонцæ.

Елизаветæ Василийи кизгæ Будури Дæргъæвси æригон бæстæзонгути номбæл Челябинскæй ци финстæгутæ исæрветидæ, уонæй еуеми уотæ финста:

«Зæрдиагæй уин арфæ кæнун, ниййерæги зиндзийнадæ ке лæдæретæ, уой туххæй. Уæ финстæг уин райстон, æма ‘й ку бакастæн, уæд мæхе кæунæй бафсастон. Хъæбæр æхцæуæн мин адтæй, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уони нæмттæ ке нæ иронх кæнетæ, е. Раст зæгъгæй, мæ бæдоли тугъдон над æма æ фæммарди туххæй лæмбунæгдæр хабæрттæ базонун æнгъæл нæбал адтæн, уомæн æма æгæр берæ рæстæг рацудæй. Бæргæ мæ фæндуй, уæ гъæумæ фæццæуун, фал, гъулæггагæн, мæ æнзтæ нæбал амонунцæ. Уæддæр хъæбæр байархайдзæнæн мæ бæдоли цирт бабæрæг кæнун, цитгин Уæлахези бонмæ мин ку нæ бантæса, уæддæр сæрди.

Зæрдиагæй арфæ кæнун скъоладзаутæн, мæ фурти ном мин, уой хæццæ ба ма, сæ гъæу, нæ уарзон Фидибæстæ фудæзнагæй исуæгъдæ кæнунбæл ка тох кодта, уони кадгин нæмттæ, ке нæ иронх кæнунцæ, уой фæдбæл. Уотæ ‘й, æма ниййергутæн сæ царди фæстаг бæнтти уæнгæ дæр æгириддæр нæ æрнидæн уодзæнæй сæ зæрдити æведуйгæ рист, сæ тогдзуд не ‘рæнцайдзæнæй, ка сæ исдзæбæх кæна, уæхæн хуасæ дуйнетæбæл нæ разиндзæнæй, еунæг е нин еуцæйдæрбæрцæдæр уодæнцойнæ дæттуй, æма нæ фурттæ дзæгъæли нæ фæммард æнцæ. Еци гъуди мин мæ рист уодæн уæддæр дæттуй цидæр æнцойнадæ, хъаурæ æма цæрунæн нифс, сувæллæнтти цийнæбæл цийнæ кæнуни фадуат.

***ГОРДЕЕВА Елизаветæ Василийи кизгæ».***

Гъе уотæ финста Будури Дæргъæвси алфамбулай немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити Райгурæн бæсти сæрбæлтау ци фараст æма дууинсæй советон бæгъатæри фæммард æй, уонæй еуей мадæ.

**Журналистти æмвæндæдзийнади Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 8 сентябри.**

***Еу-дууæ æрдхуарди æгæр фæррасуг æнцæ æма гъæунги къелабæл бафунæй æнцæ. Æмбесæхсæви райгъал уогæй си еу инней фæрсуй: «Нур дæмæ еу-дæс миллион соми æхца ку уидæ, уæд си ци исаразисæ?..» Æма ин е дæр загъта: «Еугур гъæунгти дæр фæлмæн къелатæ ниввæринæ!..»***

# ТÆВДÆЙ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..



ÆНТÆФ рæстæгмæ еуæрдигæй имæ адæймаг æнгъæлмæ фæккæсуй, иннердигæй ба тæвдæ бæнттæ тæссаг æнцæ, се 'нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, уонæн. Зæгъæн, сæкæрнезæй сæйгитæн, уомæн æма уæхæн рæстæг сæ организм косуй бустæги æндæрхузон. Уомæ гæсгæ сæкæрнезæй сæйгитæн ес, тæвдæ бæнтти сæхе куд гъæуама даронцæ, уæхæн сæрмагонд уагæвæрдтитæ.

Мадта цæмæй æнцæ тæвдæ бæнттæ уæлдай тæссагдæр сæкæрнезæй сæйгитæн? Организм æгæр ку истæвдæ уй, уæд хед æндæмæ нæбал фæццæуй, куд æнгъезуй, уотæ. Уой фудæй организм æнæ донæй райзайуй, æма сæкæри бæрцæ фæббæрзонддæр уй.

Уæхæн адæймаг æгæр ку хед кæна, уæд тæссаг æй, æ организм цæнхæ гъæуагæ ку исуа, уомæй дæр. Сæкæрнезæй сæйгитæн сæ бауæри цъарæ хормæ тагъддæр содзуй, хорæй сугъдтитæ расайунцæ нез «гипергликеми», уæдта ма тæссаг æнцæ, адæймагмæ ести инфекци бахаунæй дæр.

Организм донгъæуагæ æййафун ку райдайуй, уæд сæкæрнезæй сæйгæ хъæбæр æрлæмæгъ уй, æ сæр зелуй, адæймагæн æ зæрди куст æма æ уолæфт æмбæлгæ уагæбæл нæбал фæуунцæ, хæцъæфтæ ресунцæ, бауæр никкъæдзтæ уй.

Тогдадзинтти нездæ дæр ма ке гъигæ дарунцæ, сæкæрнезæй уæхæн сæйгитæн тæссаг æй, сауæнгæ тæвди 26-32 градуси дæр.

Инсулин æма сæкæрнези нихмæ æндæр хуастæн дæр тæвдæ рæстæг сæ пайда фесафуй, адæймаг сæ, куд æнгъезуй, уотæ ку нæ дара, уæд. Сæкæри бæрцæ тоги ка баруй, еци прибор «глюкометр» дæр раст бæрæггæнæн нæбал æвдесдзæнæй, тæвдæ 30 градусемæй уæлдæр ку фæууа, уæд.

Уой зонгæй, тæвдæ рæстæг сæкæрнезæй сæйгитæй беретæ сæ хуастæ æма сæ барæнтæ сæ хæццæ нæ хæссунцæ, æма уой фудæй багъæуаги рæстæг хуасæ баниуазун кенæ сæкæри бæрцæ исбарун сæ бон нæ фæууй. Е, ке зæгъун æй гъæуй, сæйгитæн æй тæссаг.

Уæлдæфи температурæ бæрзонд кæнун куддæр райдайуй, уотæ сæкæрнезæй сæйгитæ:

– бони дæргъи гъæуама ахиддæр баронцæ сæкæри бæрцæ тоги, уæлдайдæр, физикон æгъдауæй сæ берæ æзмæлун ку гъæуа, уæд;

– ескумæ цæугæй, сæ хæццæ гъæуама уа, ехи минкъий къæрт исæвæрун кæми æнгъезуй, уæхæн сумкæ, æма уоми – гъæугæ хуастæ æма медицинон барæнтæ (айдагъдæр хуастæ куд нæ ниссæлонцæ, уотæ);

– гъæуама даронцæ ирд æма «уолæфгæ» ка кæнуй, уæхæн рæуæг хъумацæй конд уæледарæс;

– сæ къæхтæ гъæуама гъæуай кæнонцæ æма тæвдæ зæнхæбæл бæгъæнбадæй ма цæуонцæ;

– тæвдæ рæстæг физикон æгъдауæй берæ гъæуама ма косонцæ;

– гъæуама дон фулдæр ниуазонцæ, сæхе гъæуай кæнонцæ карз ниуæзтæй, уæдта, кофеин кæми ес, уæхæн ниуæзтæй.

Уæхе тæвдæй гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ!

***Медицинон профилактики республикон центр***

# ЦАРДÆФСЕС ДÆТТÆГ НИУАЗУЙНÆГТÆ



***Аллибон адæймаги организми тæнгъæдæ гъæуй 2,5 литри. Сæрдигон ба, анзи иннæ афæнттæй игъаугидæр уомæй фулдæр фæййагоруй зæрдæ. Уомæ гæсгæ, цæмæй тæвдæ бони æдонуг басæттай, уой туххæй агорун райдайæн нæ уарзон ниуазуйнæгтæ. Еуетæ æновуддæр æнцæ ниуазуни æма сауæрдæнттæбæл, иннетæ ба цумунцæ цай, ниуазунцæ рæзи дæнттæ, цуппæрæймæгтæ æхцæуæнæй ниуазун райдайунцæ уазал бæгæни. Фал ке ранимадтан, уонæй фулдæр хæттити æдонуг басæттæн нæ фæууй. Мадта, циуавæр ниуазуйнæгтæ тох кæнунцæ еугуремæй хъæбæрдæр сæрдигон, хори содзгæ тунтæмæ нæ уодхарæй нæ ка фæммаруй, еци æнæбасæтгæ æдонугбæл?***

## АЛЛИХУЗОН ДÆНТТÆ

Рæзи, гагарæзи æма халсарти дæнттæ 'нцæ дессаги комуазалгæнæн ниуазуйнæгтæ. Уонæми ес витаминтæ æма цæнхитæ, адгин антисептиктæ æма аминотауæггæдтæ дæр. Рæзи дон æй рæуæг хуайраг, бæлвурддæр ба ниуазуйнаг, организми æнцонæй ка батайуй, уæхæн бауæргъæдтæ имæ ке хъæртуй, уой туххæй.

Гъай-гъай, еугуремæй хуæздæр æй нæуæглæмæрст рæзи дон ниуазун. Фал тукæнтти ци рæзи дæнттæ фæууæйæ кæнунцæ, етæ сæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ гæсгæ нæуæглæмæрст рæзи дæнттæй берæ изолдæр нæ лæуунцæ. Ци ниуазис, уой цæмæй базонай, уой туххæй 2001 анзи 1 январæй фæстæмæ нæуæг ГОСТ ес нæ бæсти. Нур финст «натуралон рæзи дон» фæууиндзæнæ, айдагъдæр сæкæр æма лимони тауæггадæ кумæ нæ хъæртуй, уæхæн продукттæбæл. Иннетæ 'нцæ нектартæ, фал етæ дæр бустæги лæгъуз нæ 'нцæ.

Уавæр уотæ 'й, æма кæцидæр рæзæй рæзи кæдзос дон нæ раудздзæнæ. Рæзи дони æма нектари хецæндзийнадæ уоми ес, æма натуралон рæзи дони пайдайаг хай фæууй 100 проценти. Нектар цæттæгæнгæй ба, исхæлæмулæ унцæ натуралон рæзи дæнттæ, сæкæр кенæ муд, натуралон адгингæнæнтæ, хуайраги тауæггæдтæ, хуарæнтæ, хуæрздæфгæнæн бауæргъæдтæ. Уой хæццæ, рæзи æма халсарти фулдæр хай фæууй 25-50 проценти.

## ЦАЙ

Адгин ка нæ уа кенæ кæрдæгхуз цай, уæдта кæрдæгутæй цай хуарз агъаз кæнунцæ тæвд рæстæги. Адæймаги цардархайд гъæддухдæр кæнуй каркадэйи (сурх цай) деденсифтæй цай дæр. Æ деденсифти лимони тауæггадæ ке ес, уой туххæй ком уазал кæнуй айдагъ тæвдæ рæстæги нæ, фал ма уæлдæргонд температури дæр, уæдта маруй кæцидæр незхæссæг организмти дæр. Сатæггæнæн ниуазуйнаги хузи еугуремæй хуæздæр æй тæвдæ сурх цай цумун, кенæ ба уазал каркадэ сæкæри хæццæ.

Кæрдæгхуз цай айдагъ æдонуг нæ сæттуй, фал ма организм гъæздуг кæнуй витаминтæй, минералон бауæргъæдтæ æма берæ æндæртæй. Е æй, витамин-



тæ С, Р, РР æма къуар В-йи берæ витаминтæ кæми ес, уæхæн ниуазуйнаг. Кæрдæгхуз цай фицгæй, уоми сау цаййæй дзæвгарæ фулдæр байзайунцæ минералон бауæргъæдтæ. Япойнæгтæ нимайунцæ, зæгъгæ, сæкæр æма æхсир кæрдæгхуз цаййи кæрæдзей хæццæ нæ федаунцæ, хуæздæр, дан, æй уой муди хæццæ ниуазун.

## САУÆРДÆНТТÆ

Диетологтæ куд нимайунцæ, утемæй цаййæй уæлдай хумæтæги сауæрдæнттæ дæр хъæбæр хуарз сæттунцæ æдонуг. Ниуазуни донæй хецæн кæнунцæ уомæй, æма си ес, организмæн пайда



ка 'й, уæхæн минералон бауæргъæдтæ. Уомæй уæлдай, етæ 'нцæ калорийгин дæр. Фал сæ нæ гъæуй æгæр уазал кæнун. Дохтиртæ куд амонунцæ, утемæй сæрдигон уæлдай ахиддæр фæззиннуй хъуртинез.

## БÆГÆНИ

Бæгæни ниуазун æй адæймаги рагон традици. Тигр æма Евфрати 'хсæн шумертæ кæми цардæнцæ, уоми археологтæ иссирдтонцæ, берæ æностæ кæбæл цæуй, уæхæн дортæ, æма сæбæл финст адтæй, бæгæни куд кæнун гъæуй, е. Задæй фунхт цудæй бæгæний дзол – баппир, уой фæсте æй листæггондæй никкæниуонцæ боцикъай, дон дæр ибæл рауадзиуонцæ æма



'й æнгъезунмæ ниуувадзиуонцæ. Рагон цæргутæ бæгæни ниуазтонцæ тростникæй конд сæрмагонд хæтæлтæй, цæмæй, ка нæ батадæй, еци цъæмæлтæ æма хуари гагатæ ма хъор даронцæ хуæрзадæ ниуазуйнагæй мондæгтæ исуадзунæн. Славянæгтæмæ ба бæгæний туххæй ци кой байзадæй, уой рахæссæн ес 448 анзмæ. Уæлдай хъæбæрдæр бæгæнифицæнтæ рапарахат æнцæ IX æноси Уæрæсей новгородаг зæнхити.

Гъай-гъай, бæгæни æгæр берæ ниуазæн нæййес. Иронх кæнун нæ гъæуй, уой пайда уæд уодзæнæй, æма 'й минкъий бæрцæй ку ниуазæй. Фал бæгæни бæззуй айдагъдæр æнæнез адæймагæн. Ахсæни гъæдгомæй, гастритæй æма уæлдæр тауæггадæй ка сæйуй, уонæн аци ниуазуйнаг зиан хæссуй æма сæ бæгæний дæлбардзийнадæй гъæуай кæнун гъæуй.

Фал адæм цæйбæрцæ 'нцæ, уал æнкъарæни сæмæ ес. Сæйрагдæр æй, ци ниуазис, уой адæдин гъæуама æхцæуæндзийнадæ хæсса. Уомæн æма, уой хæццæ сумах ранихъуæрдзинайтæ уæ хуæздæр æнкъарæнтæ, уæ рахаст фæххуæздæр уодзæнæй, æма е хуарзæрдæмæ фæззиндзæнæй уæхе лæдæрундзийнадæбæл.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ, дохтир.***

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Раугъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1784**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 05.09.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.09.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**